

BAB V

PANUTUP

5.1 Kacindekan

Kecamatan Parongpong salahiji wewengkon anu miboga kasang tukang sajarahna sorangan, nu dirojong ku alam jeung pangeusina. Kecamatan Parongpong miboga tujuh désa jeung 85 kampung. Anu kapanggih téh aya 76 ngaran kampung, dua ngaran susukan, dua ngaran curug, hiji ngaran parigi, jeung hiji ngaran situs. Éta téh teu kaasup ngaran kampung nu ngaranna dumasar pongpok angin. Contona, aya Kampung Panyairan Wétan jeung Panyairan Kulon. Kampung nu miboga ngaran samodél kitu dianggap hiji jeung kaasup Kampung Panyairan hungkul.

Ngaran kampung nu aya Kecamatan Parongpong, dikelompokkeun dumasar aspék fisikal, sosial jeung kultural saperti ieu dihandap.

- 1) Aya 47 (57,3%) ngaran tempat nu kaasup kana aspék fisikal kalawan nu dibagi kana opat unsur nya éta: 26 ngaran kaasup kana unsur hidrologis (hiji ti pola linéar jeung 25 pola barung), 18 ngaran kaasup kana unsur géomorfologis (tilu ti pola linéar jeung 15 pola barung), tilu ngaran kaasup unsur biologis fauna (tiluanana kaasup pola barung), jeung 16 ngaran kaasup kana unsur biologis flora (kabéhanana kaasup pola barung).
- 2) Aya 32 (39%) ngaran tempat nu kaasup kana aspék sosial.
- 3) Aya tilu (3,6%) ngaran tempat nu kaasup kana aspék kultural.

Loba ngaran tempat anu kaasup kana aspek fisikal, utamana ngaran tina unsur hidrologis (31,7%). Kajadian ieu tangtu kacida wajarna, ku sabab susukan nu aya di daerah ieu kacida dipiara jeung dianggap penting pisan pikeun kahirupan warga masarakat Kecamatan Parongpong nu agraris. Salian éta ogé, lokasi Kecamatan Parongpong nu kaasup Patahan Lémbang, nu ayana di suku Gunung Tangkuban Parahu jeung Gunung Burangrang nu nyababkeun cai henteu kurang di Kecamatan Parongpong.

Kaayeunakeun, di Kecamatan Parongpong loba ngaran kampung anu ngaranna diganti atawa kasilep ku ayana wangunan PERUM atawa ku pamaréntah désa, anu sakapeung milu mangaruhan kana ngaran tempat nu aya di sabudeureunana. Anu dihanjakalkeunana, kadang robahna ngaran tempat henteu ditatapakan alesan-alesan anu teu puguh, ngan saukur henteu pantesna ngaran dina jaman ayeuna atawa hal nu séjénna. Padahal mah, unggal tempat miboga kasang tukang sajarah nu nyababkeun ngaran kampung samodél kitu.

5.2 Saran

Nalungtik ngaran-ngaran nu aya di Kecamatan Parongpong tangtu loba pisan mangpaatna. Dipiharep ieu panalungtik bisa ngeuyeuban kasang tukang ngaran kampung nu aya di Kecamatan Parongpong. Di satukangeun hal éta, tangtuna ieu panalungtikan loba kahéngkéranana. Dipiharep, ka hareupna mugia aya nu nuluykeun nalungtik ngeunaan tempat-tempat nu aya di Kecamatan Parongpong kalawan leuwih jero jeung lengkep deui.

Panalungtik ogé miharep ka masarakat jeung aparat pamaréntah, saupama ngarobah ngaran tempat kudu ngaliwatan dadasar anu kuat, ulah ngan saukur ngarobah ngaran tempat alatan henteu pantes kadéngéna atawa hal-hal nu teu penting séjénna. Ku sabab tangtuna tiap-tiap ngaran tempat nu aya miboga kasang tukang sajarah nu penting. Saupama kudu ngarobah ngaran, ulah nepi ka ngaleungitkeun ajén sajarah jeung ajén budaya nu aya di éta daerah. Sangkan anak-incu atawa turunan nu aya di éta tempat teu pareumeun kana budaya di éta daerah.

Salian ti éta ogé, panalungtik miharep ka sepuh-sepuh supaya nurunkeun carita ngaran kampungna, supaya kahareupna moal aya deui nu leungiteun udagan dina nanyakeun atawa nalungtik ngaran-ngaran tempat.